# RERAYTING (REWRITING) HÁM ONÍŃ JÁMIYETSHILIK PENEN BAYLANÍSLAR TARAWÍNDA QOLLANÍLÍWÍ

**Tleuov Konısbay Joldasbaevich**

*Berdaq atındağı QMU, Qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti, jurnalistika kafedrası assistent-oqıtıwshısı*

Rerayting (Rewriting) – qanday da bir jazılğan teksttiń anıqlığın, onıń mazmunı hám strukturasınıń óz ara uyğınlığın hám de onıń ulıwmalıq sıpatın jaqsılaw ushın (onıń tiykarğı mánisine ózgeris kirgizbesten) tekstti qayta kórip shığıw hám perefrazalawdı óz ishine aladı.

Túrli ilimiy dereklerde rerayting hám onıń ózgesheliklerine tómendegishe anıqlamalar berip ótilgen. Sol anıqlamalardıń birinde rerayting bul redaktorlawdıń áhmiyetli bólimi bolıp, onıń maqseti túp nusqanıń anıqlığı, dúzilisi hám oqılıwın jaqsılawdan ibarat dep kórsetiledi. Sonday-aq, rerayting túp nusqa avtorınıń tiykarğı ideyasın saqlap qalğan halda kontenti qayta jazıw, onıń jazıw stilin jetilistiriw hám qayta jazılıp atırğan tekstiń logikalıq izbe-izligin támiyinlewdi óz ishine alıwı atap kórsetilgen [1, 40-b.]. Sonday-aq, rerayting bul dáslepki qaralamanı (jazılğan tekstti) forması, stili hám mazmunı jağınan jetilistiriw procesi sıpatında kóriledi. Ol teksttiń ańsat hám túsinikli oqılıwın támiyinlew, ondağı berilgen dáliyller, faktler hám argumentlerdiń tásirin kúsheyttiriw, sonıń menen bir qatarda, teksttegi artıqsha detalları saplastırıwday processlerdi ózinde qamtıydı [2, 187-b.]. Bunnan kórinip turğanınday, rerayting bul tiykarınan qandayda bir mazmunda jazılğan tekstti qayta kórip shığıw arqalı onıń ekspressivligin, tásirliligin hám qunın artırıw bolıp esaplanadı. Sebebi rerayting dáslepki jazılğan teksti (qaralamanı) sın kóz benen bahalaw, ondağı keltirilgen argumentlerdi qayta jazıw sonday aq tekstegi logikalıq izbe-izlikti hám mazmundağı anıqlıqtı jaqsılawdı óz ishine aladı [3, 210-b.]. Rerayting mánisi jağınan anıq, qısqa hám biytákrar bolğan tekstti jaratıw ushın qollanıladı. Bunnan tısqarı rerayting mazmunı hám dúzilisi jağınan sayız bolğan tekstlerdi anıq hám de isenimli kommunikaciya quralına aylandırıwğa úlken járdem beredi. Sebebi rerayting arqalı rerayterler anıqlıqqa, bay stilik ózgeshelikke hám mazmunı jağınan jetik úylesikke erisip óz pikirlerin tekste jaqsıraq tártiplestiriwge hám olardı jánede nátiyjeli usınıwğa erisedi.

Jámiyetshilik penen baylanıslar tarawında rerayting bul PR sub'ektiniń iskerligine tiyisli bolğan xabarlardı ózinde jámlewshi PR tekstleriniń mazmunın, stilin hám dúzilisin jetilistiriwge hámde jaqsılawğa qaratılğan áhemiyetli process bolıp esaplanadı. Rerayting arqalı PR tekstlerdiń mazmunın subyektiń maqsetlerine maslaw, auditoriyanı nátiyjeli etip ózine tartıw ushın tekstlerdiń tartımlılığın joqarılatıw sonday aq tekstlerdegi mağlıwmatlardı jámiyetshilik ushın túsinikli etip jaratıw sıyaqlı nátiyjelerge erisiledi. PR da rerayting roli hám áhmiyetin tastıyqlawshı túrli ilimiy dereklerden alınğan túsinikler hám anıqlamalarğa kóre rerayting bul PR subyekti iskerligine tiyisli bolğan xabarlardı túrli formadağı ǴXQ hám auditoriyağa maslastırıw (beyimlestiriw) ushın isletiledi delingen [4, 128-b.]. Jánede jámiyetshilik penen baylanıslar tarawında rerayting belgili bir PR subyektiń tekstin sol sub'ektiń strategiyalıq maqsetlerine beyimlestiriwge hám onıń maqsetli auditoriyağa degen tartımlılığın asırıwğa járdem beredi. Bunnan tısqarı rerayting arqalı PR qániygeler tradicion mediadan tartıp sanlı platformalarğa shekem bolğan kommunikaciya kanalarına mas keliwshi kontenti qayta kórip shığadı. Rerayting PR tekstleriniń qátesiz hám óz sub'ektiń strategiyasına mas keliwin támiynleydi [5, 305-b.]. Demek bunan kórinip turğanınday rerayting PR tekstlerden orın alğan xabarlardıń tásirin maksimal dárejede asırıw hám onıń belgilengen auditoriya menen úylesigin támiynlew ushın tekstiń stilin, tonın hám strukturasın jaqsılawğa qaratılğan boladı.

Jámiyetshilik penen baylanıslar tarawında rerayting ózinde tómendegi tiykarğı elementlerdi jámleydi:

- anıqlıq (*tekstegi xabar anıq hám maqsetli auditoriya tárepinen ańsat túsiniliwi kerek*);
- mazmunı hám strukturalıq jağınan óz ara durıs baylanıs (*teksttegi xabar logikalıq hám strukturalıq jaqtan durıs bolıwı kerek*);
- tonı, stili hám ideyası tekstke say keliwi (*tekstte xabardı auditoriyağa jetkeriwde qollanılğan stil, ton hám ideya óz-ara tolıq baylanısqan bolıwı kerek*);
- tekstegi hár bir detalğa degen anıqlıq (*xabardıń isenimligin támiynlew ushın ondağı faktler hám detalardı tekseriw kerek*);
- isendiriw principi (*xabardın jánede isenimli hám tartımlı bolıwın támiynlew*).

Demek usı joqarıda atap ótilgen elementlerdi qolay otırıp PR qániygeler óz sub'ektleriniń iskerligine tiyisli bolğan jańalıqlardı/mağlıwmatlardı ózinde qamtıwshı PR tekstlerdi qayta jazadı. Máselen, press-relizlerdi qayta jazğanda PR qániygeler olardıń jurnalistler hám jámiyetshilik ushın qızıqlı bolıwın támiynlewge háreket qıladı. Jámiyetshilik aldında shığıp sóylewge mólshellengen tekstlerdi (spich, rásmiy bayanat) jaratıwda bolsa olardıń jáne de tásirli bolıwı ushın onıń stilin hám strukturasın

jetilistiredi. Sonday-aq PR qániygeler óz subyektiniń túrli auditoriyalar menen effektiv kommunikaciyanı ámelge asırıwı ushın túrli media platformaları ushın maǵlıwmatlardı masalastırıw ushın rerayting principleri hám metodlarınan paydalanadı. Álbette, PR subyektte krizisli jaǵıdaylar júz bergende olardı  unamlı sheshiw, jámiyetshilik pikirin basqarıw hám ashıqlıqtı támiynlew ushın PR qániygeler krizisli jaǵdayda paydalanılatuǵın materiallardı qayta jazıwda rerayting elementlerinen paydalanadı. Bunnan tısqarı, rerayting PR subyekti qániygeleri tárepinen xabar byuletenlerin, esabatlardı, ishki xújjetlerdi h.t.b materiallardıń mazmunın hám dúzilisin jetilistiriw, olardı jáne de tartımlı hám qunlı qılıwı ushın isletiledi. Sonıń menen birge, teksttegi grammatikalıq, sintaksislik hám stilistikalıq qátelerdi saplastırıw, teksttegi maǵlıwmatlardı jaqsıraq tusiniw ushın ondaǵı quramallı atama hám frazalardı ápiwayılastırıw ushın reraytingden paydalanıladı.

Jámiyetshilik penen baylanıslar tarawında iskerlik júritiwshi rerayterler sawatlı jazıw qábiliyetine, maqsetli auditoriya hám kommunikaciya maqsetlerin tereń túsiniwge, media ortalıǵındaǵı ózgerisler hám de talaplarǵa tez beyimlesiw qábiliyetine iye bolıwı kerek.

## ÁDEBIYATLAR

1. Arthur Plotnik., «*The Elements of Editing: A Modern Guide for Editors and Journalists*". 1984.
2. Dennis L. Wilcox and Bryan H. Reber «Public Relations Writing and Media Techniques». 2014
3. Roy Peter Clark., *"Writing Tools: 55 Essential Strategies for Every Writer"* 2008
4. Scott M. Cutlip, Allen H. Center, and Glen M. Broom «*Effective Public Relations»*. 2014.
5. Wayne C. Booth, Gregory G. Colomb, and Joseph M. Williams «*The Craft of Research*». 2003.